

Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1 MILYA DOLA NAN PATENARYA PIBLIK-PRIVE
AVÈK CREE POU KREYE YOUN NAN PI GWO DISPOZITIF DE KABI SILISYÒM
NAN MOND LAN NAN MARCY NANOCENTER**

*Plis pase 600 anplwa Cree a plentan ki dwe Kreye nan Marcy Nanocenter sou
SUNY Poly Campus tandike Cree pral asosye avèk SUNY Pou mete sou pye yon
Pwogram Fòmasyon Mendèv ak yon Pwogram ki oryante sou Endistri ki vize pou
Founi yon Mendèv a Lavni nan Marcy ak yon Inisyativ konjwent de 10 Milyon
dola Pou Sipòte Rechèch ak Devlopman Teknik nan Sistèm SUNY an*

*Dispozitif inovan e revolisyonè Kabi Silisyòm ki fèt nan New York yo pral Pi
Rapid, Pi Piti, Pi lejè, Pi Pwisan e yo pral yon Entriman ki pral kontribiye Nan
Avansman Efikasite Enèji*

*Konpayi Semikondiktè Chèf Mache Epapiye nan Eta a an Kolaborasyon avèk
New York Power Electronics Consortium*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon gwo patenarya piblik-prive ant Eta New York ak Cree, Inc., ki se lidè mondyal teknoloji kabi silisyòm, pou investi apeprè 1 milya dola sou sis ane pou konstwi e ekipe yon nouvo enstalasyon fabrikasyon ak plak kabi silisyòm 200mm de klas-mondyal. Envestisman sa a enkli tou yon angajman rechèch ak devlopman de 30 milyon dola ki soti nan men Cree, ak plan pou kreye plis pase 600 teknisyen trè kalifye a plentan ak pòs jeni nan Marcy Nanocenter nan kanpous lekòl SUNY Polytechnic Institute tou pre Utica a.

"Patenarya sa a enpòtan anpil pou ranfòse rechèch ak byen syantifik ke Eta New York bezwen jodi a pou atire gwo endistri teknoloji ak travay pou demen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa a se yon etap enpòtan nan kiltive enfrastrikti manifakti avanse nan Eta New York, k'ap grandi ekonomi nan seksyon nò a ak transfòme lavni nan Mohawk Valley."

"Patenarya piblik-prive sa ap avanse rechèch ak devlopman inovatif nan Marcy Nanocenter", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Enstalasyon chèf-nasyon an pral kontinye devlope endistri gwo teknoloji nan Mohawk Valley ak kreye plizyè santèn anplwa nan SUNY Polytechnic Institute la. Pwojè a gen ladan yon pwogram fòmasyon pou travay pou asire ke etidyan yo resevwa fòmasyon ak kapasite yo bezwen pou satisfè bezwen biznis yo alavni. Nou pran angajman pou nou devlope endistri manifakti avanse pou nou ka etabli New York kòm yon sant inovasyon ak ranfòse ekonomi an."

Gregg Lowe, PDG Cree, te deklare, "Patenarya piblik-prive sa a pa pral sèlman pote dè santèn de travay ak investisman nan New York, men li pral tou ranfòse pozisyon

Cree an jeneral, enkli North Carolina, epi asire nou kanpe kòm lidè mondyal nan teknoloji kabi Silisyòm nan. Nou vle remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ak Empire State Development paske ou bay Cree opòtinite sa ak akeyi nou nan New York. Yon enstalasyon fabrikasyon plak iltramodèn e kalifye pou endistri otomobil ki konstwi sou 30-ane eritaj nou an nan komèsyalize teknoloji de ripti ki ede kliyan nou yo delivre aplikasyon yo pou pwochen jenerasyon. Nou pa ka tann pou nou konekte sant inovasyon North Carolina ak New York nou an pou kondwi adopsyon akselere kabi Silisyòm".

Cree pran angajman pou kreye plis pase 600 nouvo anplwa nan uit ane epi founi staj ak opòtinite rechèch pou etidyan State University of New York yo. Efò yo ede devlope yon inisyativ devlopman mendèv avanse sou manifakti atravè sistèm SUNY pou prepare yon mendèv 21yèm syèk pou opòtinite alontèm ak bon kalite travay ak avansman nouvo enstalasyon an pral ofri. SUNY pran angajman tou pou li vèse jiska 5 milyon dola nan finansman rechèch ki asosye avèk semi-kondiktè ke Cree finance pou sistèm SUNY an.

Nan sis ane, Cree pral investi omwen 1 milya dola nan konstriksyon yon fabrik kabi silisyòm iltramodèn e otomatik ak enstalasyon machin ak ekipman ki fèk kòmmande e relokalize nan Marcy. Kòm itilizasyon fabrik kabi silisyòm ap grandi, Cree prale pi lwen pou chèche amenaje ak ekipe fabrik la.

Eta New York ap bay 500 milyon dola nan sibvansyon kapital ki baze sou pèfòmans ki soti nan Empire State Development pou ranbouse yon pati nan depans Cree pou ekipe nouvo etablisman an ak achte ak enstale machin ak ekipman, ansanm ak 1 milyon dola nan kredi taks Excelsior Jobs akòde.

Pandan konstriksyon fabrik Marcy a, ke Cree te dakò pou li fè respekte kondisyon salè predominan yo, Cree pral lwe espas tou nan kanpous SUNY Poly a nan Albany, kote konpayi an pral itilize ekipman yo achte kòm yon pati nan New York Power Electronics Manufacturing Consortium (PEMC) pou pase de pwosesis aktyèl de pwodwiksyon aparèy sou plak kabi silisyòm 150 mm rive nan yon nouvo pwosesis pou pwodwi aparèy sou plak kabi silisyòm 200 mm, ke yo espere ke se pral premye egzanp nan pwodwiksyon aparèy sou plak kabi silisyòm 200 mm nan mond lan. Kòm fab la ranpe Cree pral transfere ekipman PEMC ak pwosesis 200 mm li yo nan kanpous SUNY Poly Marcy a.

Anplis de 600 anplwa dirèk ki dwe kreye nan uit ane, pwojè a ta dwe bay anviwon 570 anplwa endirèk ak yon enpak ekonomik total ki plis pase 4,3 milya dola nan tout Eta a pandan 20 ane k'ap vini la yo. Kabi silisyòm nan se kle alimantasyon gwo mache yo, tankou motè ki boule gaz ki vin chanje an veyikil elektrik ak devlopman rezo 5G a vitès ilimite. Dispositif elektwonik ki gen gwo kapasite ki fèt ak kabi silisyòm yo efikas anpil, yo fyab epi yo bay gwo pèfòmans. Pou aplikasyon tankou veyikil elektrik, sa mande pou efikasite sistèm nan ogmante, sa vle di pou machin elektrik yo gen yon otonomi ki pi long ak yon rechaj ki pi rapid, pandan n'ap redwi kantite lajan, redwi kantite pwa epi jere espas.

Mohawk Valley EDGE, ki te jwe yon gwo wòl nan transfòmasyon pwopriyete Marcy Nanocenter an sit "ki pare pou demare" respekte tout gwo nòm ki gen rapò ak

semikondiktè, pandan l'ap vann sit la nan sans laj, gen pou lwe espas la a Cree pou 49 ane. Se Cree k'ap dirije konstriksyon izin nan epi l'ap jere pa Empire State Development, Mohawk Valley EDGE ak Sant New York pou Rechèch, Avansman Ekonomik, Teknoloji, Jeni ak Syans (New York Center for Research, Economic Advancement, Technology, Engineering and Science, NY CREATES). Antou, nouvo enstalasyon Marcy yo ta dwe kouvri yon sifas de 500,000 pye kare, jiska 135,000 pye kare de sal ak lòt enstalasyon de soutyen.

Jonksyon Cree nan Marcy Nanocenter se rezilta de PEMC, yon Patenarya piblik-prive ki etabli toutolon koridò nò Eta a pou kontinye devlopman materyo kabi silisyòm ki pi piti, pi rapid, ak pi efikas, ki enpòtan pou fè endistri semikondiktè a grandi. Depi li fini an 2022, nouvo enstalasyon Marcy a pral ogmante tout bon vre kapasite fabrikasyon plak silisyòm sosyete a, sa ki pral pèmèt yon gwo kantite solisyon semikondiktè k'ap pèmèt gwo chanjman teknolojik sou mache veyikil otomobil ak elektrik yo, ansanm ak enfrestikti kominikasyon ak mache endistriyèl.

Antre Cree nan nò Eta New York ap pote gwo avantaj ekonomik nan nivo lokal ak rejyonal, gen santèn nouvo anplwa ki kreye, yon pewòl pou anplwaye Cree ki depase 46 milyon dola pa ane, ak yon enpak ekonomik ki estime a 3,4 milya dola nan rejyon Mohawk Valley. Pwojè a konstwi sou endistri semikondiktè k'ap grandi ki te yon gwo moso nan devlopman ekonomik nò Eta a, espesyalman IBM, GLOBALFOUNDRIES, Applied Materials, Tokyo Electron, Danfoss ak lòt ankò. Georgetown University te pibliye Yon rapò an 2018 ki te estime a plis pase 60,000 anplwa dirèk, endirèk nan sektè konstriksyon an vini de nanoteknoloji, tire an majè pati pa endistri semikondiktè a.

Endistri semikondiktè yo se yon gwo kontribitè ekonomik ni nan nivo nasyonal ni nan Eta New York. Selon yon analiz resan, Asosyasyon Endistri Semi-kondiktè Ameriken (U.S. Semiconductor Industry Association) te estime ke chak djòb dirèk nan endistri semi-kondiktè pèmèt 4.89 djòb nan lòt sektè ekonomi an, ak Endistri Semi-kondiktè Ameriken an reprezante yon ka nan yon milyon djòb dirèk nan peyi Etazini e plis pase yon milyon djòb adisyonèl endirèk.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric J. Gertler te deklare, "Lè Cree te chwazi Mohawk Valley pou nouvo etablisman li, se te yon prèv pozitif ke yon fwa ankò, pati nò New York la se yon bon kote pou fè biznis. Anons jodi a montre angajman kontinyèl nou pou ankouraje devlopman ekonomik ak kreyasyon travay pandan n ap fè pwomosyon pou rechèch ak devlopman nan fabrikasyon teknoloji avanse".

Rektè SUNY an Kristina Johnson te deklare, "Eta New York ap kontinye yon sant pou rechèch, e anons jodi a bay siyal pou plis opòtinite pou fakilte nou yo ak etidyan yo patisipe nan rechèch an rapò ak semi-kondiktè yo epi kreye estaj ak travay nan domèn sa a. Nou bat bravo pou Gouvènè a yon lòt fwa ankò paske li rive kenbe angajman li pou bati patenarya ant ensèyman siperyè ak patwon yo pou ouvri pòt yo pou kominote lokal la".

Prezidan Pwovizwa SUNY Polytechnic Institute an, Doktè Grace Wang te deklare, "SUNY Poly pran angajman pou founi yon edikasyon wo nivo, sa ki ap pèmèt

etidyan nou yo evolye nan ekonomi 21yèm syèk la nan Mohawk Valley, nan tout Eta New York ak lòt ankò. Angajman nou an mache sere sere ak anons ki fèt jodi a e SUNY Poly santi li fè pou li kontinye nan devlopman kapasite rechèch ak inovasyon Eta New York la. Anplis rekonesans nou pou kominote a pou sipò solid yo nan Marcy Nanocenter, nou adrese konpliman nou pou Gouvènè Andrew Cuomo, Empire State Development, Mohawk Valley EDGE ak Cree pou efò estrawòdinè yo".

Depite Anthony Brindisi te deklare, "Gwo gayan yo jodi a se moun ki rele zòn nan lakay yo. Desizyon Cree te pran pou elaji etablisman fabrikasyon li yo nan Marcy ban nou asirans n ap kontinye nan tèt fabrikasyon teknoloji avanse yo epi bay rezidan nou yo plis travay byen peye. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li kenbe angajman ak kominote nou an epi li travay pou rann Mohawk Valley yon pi bon kote pou moun viv".

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, "Mwen apresye efò tout otorite eli lokal, pwovens ak Eta a, ansanm ak Mohawk Valley EDGE ak Empire State Development, ki te travay ansanm pou fè pwojè sa a abouti. Anons jodi a se yon etap enpòtan nan efò nou yo pou kreye djòb, devlope ekonomi lokal la epi jenere pwochen opòtinite ekonomik ak devlopman nan Mohawk Valley ak nan pati nò New York la. Mwen rete konsyan de obstak yo, obstak ak pwoblèm ke nou rankontre anvan nou rive nan pwèn sa a, mwen espere dènye devlopman sa a pral kontribye nan kwasans ekonomik nan tout rejyon an epi ede l pike pi devan".

Manm Asanble a Maryann Buttenschon te deklare, "Mwen pa ta ka pi kontan pase sa paske Cree, Inc ap fè kay li nan Mohawk Valley. Rezilta pwojè sa a se plis djòb pi byen peye epi kontinye fè ekonomi rejyon an grandi, pote yon revolisyon nan endistri kabi silisyòm nan epi plase Eta New York la nan premye ran nan fabrikasyon teknoloji avanse".

Chèf Egzekitif Konte Oneida a Anthony J. Picente Jr. te deklare, "Jodi a se jou angajman enkondisyonèl nou yo pou pote yon fabrikasyon pis elektwonik nan Marcy Nanosite rive rekonpanse. Kote lòt moun te doute, nou te rete fèm nan devlopman investisman nou an, ak ane nou pase ap pèsèvere yo abouti nan yon patenarya ak yon lidè mondyal nan teknoloji plakèt kabi silisyòm teknolojik. Mwen vle akeyi Cree nan Konte Oneida epi remèsye yo pou investisman monimantal sa a nan kominote nou an ki pral pote plis pase 600 djòb ki byen peye. Anons transfòmasyon sa a pa ta ka posib san angajman serye Gouvènè Cuomo te fè nan rejyon nou an pou kenbe finansman an anplas sa ki fè li vin yon reyalite, ni san dilijans patnè nou yo nan Mohawk Valley EDGE ki pa janm lage nan efò yo".

Majistra Utica a Robert Palmieri te deklare, "Vil Utica gen gwo rekonesans pou Cree Inc. ak opòtinite li prezante pou Rejyon Greater Utica. Investisman 1 milya dola sa a di anpil bagay sou Cree ak sou konfyans li nan popilasyon nou an ak patenarya nou te travay di pou kreye yo. Avni Utica ak rejyon an vin pi bèl, patenarya nou yo pi fò pase tout tan ki pase yo e chanjman jenerasyon nou te toujou espere a rive".

Majistra Rome lan Jacqueline Izzo, te di, "Kontribisyon Cree Inc. nan Marcy Nanocenter a se prè kontinyèl yon travay di ak detèminasyon, ak konviksyon ke Mohawk Valley a se yon bon kote pou moun viv epi kote travay pote fwi. Pwojè sa a

pral gen anpil enpak pozitif pa sèlman sou Marcy ak Utica, men sou lavil Rome ak nan rejyon an, epi kore investisman alontèm nou kontinye ap fè nan Mohawk Valley a".

Sipèvizè Vil Marcy an Brian Scala te deklare, "Nan non Vil Marcy, nou bat bravo pou desizyon Cree pran pou agrandi operasyon semi-kondiktè li yo nan Marcy Nanocenter epi gade pou pi devan pou Marcy vin tounen episant pisans revolizyon elektwonik lan".

Steve DiMeo, Prezidan Mohawk Valley EDGE, te deklare, "Desizyon CREE pran pou lokalize enstalasyon semi-kondiktè SiC modèn 200 mm yo nan Marcy Nanocenter ak patenarya li avèk Power Electronic Manufacturing Consortium SUNY Poly se yon evènman ki pral chanje bagay yo pou rejyon Mohawk Valley a. Patenarya sa a plase Mohawk Valley kòm yon sant nan pwochen pisans elektwonik ak teknoloji RF yo. Divizyon Wolfspeed konpayi an se yon lidè nan devlope solisyon semi-kondiktè ki ap mennen yo nan yon angajman endistri otomobil 350 milya dola nan machin elektrik, pèmèt deplwaman enfrastrikti kominikasyon 5G yo, e divizyon Wolfspeed CREE a bay teknoloji entegral pou enèji renouvlab, avyon ak defans, ak mache endistriyèl yo. Anons jodi a reyafime angajman Gouvènè Cuomo nan sipòte estrateji devlopman ekonomik rejyon sa a ki vize devlopman sit Marcy Nanocenter a kòm yon fondman enpòtan nan devlopman ekonomik rejyon an."

Cree se yon inovatè semi-kondiktè pisans ak radyofrekans (RF) nan Wolfspeed® ak ekleraj klas LED. Dosye pwodwi Wolfspeed Cree a gen ladan l materyèl kabi silisyòm, aparèy komitasyon pisans ak aparèy RF yo fè pou aplikasyon pou tankou machin elektrik, chajè rapid, ondilè, ekipman alimantasyon elektrik, sektè telekominkasyon ak militè ak avyon. Pòtfolyo pwodui LED Cree yo gen ladan l pis elektwonik LED ble ak vèt, anpoul LED gwo-limye ak anpoul LED pisans de klas ki vize aplikasyon ekleraj andedan kou deyò, afichaj videyo, transpò ak ekleraj espesyalize.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)